



Pou Piblikasyon Imedya: 02/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINANMAN POU EKIP TRETMAN KOMINOTÈ EFIKAS, INOVAN ADIYONÈL

14 milyon dola disponib pou ekip Tretman Kominotè Dinamik k ap sèvi moun ki pa byen reyaji ak sèvis tradisyonèl yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse disponiblite plis pase 14 milyon dola nan finansman anyèl pou 14 nouvo ekip Tretman Kominotè Dinamik (Assertive Community Treatment, ACT) atravè Eta a. ACT se yon pwogram sante mantal kominotè inovan epi ki trè efikas ki sèvi moun ki gen maladi mantal grav epi ki pa te angaje avèk siksè nan tretman sante mantal tradisyonèl ak sistèm reyabilitasyon an.

"Yon priyorite prensipal pou administrasyon mwen an se amelyore sistèm swen sante Eta a epi asire ke chak Nouyòkè kapab resevwa sèvis yo bezwen yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ekip ACT n ap finanse yo pral ede moun ki vilnerab yo ki souvan difisil pou atenn ak angaje yo, epi bay yo swen ak sèvis apwopriye yo. Mwen devwe pou m ede chak Nouyòkè jwenn swen yo merite a, pandan m ap ede moun yo kite lari yo pou yo antre nan sityasyon ki pi an sekirite, ki pi an sante."

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal la, te deklare, "Twa nan nouvo ekip ACT sa yo pral sèvi konte yo nan Eta New York ki pa te resevwa nivo swen sa a deja, ki se yon devlopman enteresan pou nou. Pwogram ACT sa e youn pami pwogram ki pi efikas nan sistèm swen nou an pou moun k ap viv ak maladi mantal grav lè sistèm swen tradisyonèl nou an pa satisfè bezwen yo. Li bay yon altènatif ki montre li gen siksè nan ede moun yo atenn objektif rekiperasyon yo."

OMH te fè yon demann pou pwopozisyon pou kreye ekip yo epi li disponib [sou sit entènèt OMH la.](#)

Anplis de sa, yo founi 6.3 milyon dola nan finansman pou antrepriz demaraj yo atravè Sibvansyon Global Sèvis Sante Mantal Kominotè (Community Mental Health Services Block Grant) Federal (Lwa sou Plan Sekou Ameriken (American Rescue Plan Act, (P.L. 117-2)) oswa Lwa Sekou ak Kredi Sipleman tè pou Entèkansyon ak Kowonaviris (Coronavirus Response and Relief Supplemental Appropriations Act, (P.L. 1160-260)).

Founisè yo oblije siyen yon sètifika federal ki endike ke yo rekonèt règ ak règleman federal ki gouvènè itilizasyon fon sa yo.

Rejyon yo pral sèvi yo enkli sa ki annapre yo, limit yo pral detèmine dapre bezwen yo:

- North Country: Yon ekip 48 machin santim ki kouvri Konte Jefferson ak Lewis;
- Rejyon Kapital: Yon ekip 48 machin santim ki kouvri Konte Rensseler ak rejyon sid Konte Saratoga;
- Long Island: Yon ekip 68 machin santim nan Konte Suffolk;
- Vil New York: De ekip 68 machin santim nan Brooklyn; Twa ekip 68 machin santim nan Manhattan; Twa ekip 68 machin santim nan Bronx; ak De ekip 68 machin santim nan Queens;
- Finger Lakes ak Southern Tier: Yon ekip 48 machin santim ki kouvri Konte Genesee, ak Konte Northern Steuben

14 nouvo ekip ACT yo dwe ede anviwon 892 nouvo kliyan nan plizyè fason, tankou jere sentòm yo, jwenn yon travay, jwenn ak kenbe lojman, diminye itilizasyon sibstans yo, epi kenbe relasyon yo ak fanmi ak zanmi yo. Ekip ACT yo ka ede ak devlopman yon pakèt konpetans tankou fè makèt, kwit manje, netwaye, bidjetize, fè tranzaksyon bankè ak lòt konpetan nan lavi chak jou a. Pwogram ACT bay kliyan li yo tretman ak sipò 24/24. Anjeneral, yo bay sèvis yo nan kominote a, pou ede kliyan yo navige nan batay mond reyèl la ak konpetans ke yo fèk akeri yo.

ACT se yon pwogram ki baze sou prèv ki bay tretman, reyabilitasyon ak sèvis sipò bay moun ki dyagnostike ak yon maladi mantal grav epi ki pa gen sèvis sante mantal tradisyonèl ki pa satisfè bezwen yo. Gen pwofesyonèl ki soti nan domèn sikyatri, enfimye, sikoloji, travay sosyal, abi sibstans ak reyabilitasyon pwofesyonèl, kounye a genyen 108 ekip ACT nan Eta New York.

Kliyan ACT yo ka gwo itilizèsèvis ijans ak/oswa kriz, gen twoub konkomitan ki lye ak itilizasyon sibstans, epi yo ka twouve yo izole fas ak sipò kominotè yo - enkli sipò familyal. Kliyan yo ka an danje tou pou yo pèdi lojman yo, yo ka deja san kay, epi yo ka gen istwa enplikasyon nan sistèm jistis kriminel la.

Etid yo montre ke moun k ap resevwa ACT yo fè eksperyans ak pi gwo rediksyon nan pousantaj moun ki entène lopital sikyatrik ak vizit nan sal ijans yo, anplis pi wo nivo estabilite lojman apre yo fin resevwa sèvis ACT yo. Rechèch yo montre tou ke ACT pi satisfè pou benefisyè yo ak fanmi yo epi li mwens chè pase swen pasyan ki entène yo. Gwoup defans sante mantal yo, ki gen ladan Alyans Nasyonal pou Maladi Mantal (National Alliance on Mental Illness), te andose ACT kòm yon sèvis kle ak rezilta pozitif ki pwouve.

Plan tretman yo devlope an kolaborasyon ak ekip ACT a ak kliyan an dapre fòs, bezwen, dezi, objektif ak kilti moun nan. Plan tretman yo modifye jan sa nesèsè atravè evalyasyon kontinyèl ak etablisman objektif. Ekip ACT yo rankontre chak jou pou diskite sou pwogrè chak kliyan, sa ki pèmèt ekip la planifye oswa ajiste byen vit sèvis yo pou satisfè bezwen kliyan yo.

Ekip ACT yo pral sipòte plan konplè Gouvènè Hochul la pou amelyore sistèm swen sante a epi bay sèvis pou Nouyòkè vilnerab yo k ap viv ak maladi mantal. Bidjè pwopozè Gouvènè a gen ladan yon ogmantasyon istorik ki se 577 milyon dola (17.2%) pou pwogram ak sèvis sante mantal kominotè ki enpòtan anpil yo, ansanm ak yon plan lojman 25 milya dola ak yon angajman pou kreye ak prezève 10,000 inite lojman sipò pandan senk ane k ap vini yo pou anpeche sitiyoasyon sanzabri. Inisyativ nan bidjè Gouvènè a enkli:

Investisman 11.3 milyon dola pou Ane Fiska 2023 (21 milyon dola lè li konplètman operasyonèl) pou devlope 20 nouvo ekip Sipò pou Opsyon Sekirite (Safe Options Support, SOS) ki gen ladann espesyalis sante mantal pou fè sansibilizasyon dirèk fas-a-fas ak Nouyòkè k ap fè fas ak sitiyoasyon sanzabri yo; Investisman mendèv atravè yon Ajisteman nan Depans Sibzistans (Cost of Living Adjustment, COLA) pou founisè sante mantal kominotè yo ak bonis retansyon ki rive jiska 3,000 dola, ak; Investisman 35 milyon dola pou ane fiskal 2023 ki vin rive nan 60 milyon dola nan ane fiskal 2024 la pou prepare New York pou lansman nasyonal 9-8-8 la, yon sistèm liy dirèk pou prevansyon swisid ak kriz sante konpòtmantal, nan prevwa ekspansyon kapasite sant apèl yo.

Pwopozisyon yo dwe fèt anvan 3:30 p.m. nan dat 13 avril 2022, epi OMH espere bay prim yo disi 18 me.

Senatè Eta a, Samra Brouk te deklare, "Pandemi an te fè presyon sou yon sistèm swen sante mantal ki deja ap travay odela kapasite li, epi investisman sa a nan ekip Tretman Kominotè Dinamik yo pral kontribiye anpil pou ede nou rive jwenn moun ki defavorize yo pa sistèm tradisyonèl la. Mwen pa ka tann pou mwen investi plis nan sèvis sante mantal kominotè nan Bidjè Eta nou an pou nou pi byen prepare pou nou adrese bezwen anpil fanmi New York ki pa satisfè yo."

Aileen Gunther, ki se yon Manm Asanble, te deklare, "Kòm Prezidan Komite Sante Mantal Asanble a, mwen deja travay san pran souf pou ogmante aksè ak sèvis sante mantal nan kominote nou yo. Ekip ACT yo fè prèv yo nan bay sèvis pou moun ki plis bezwen yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li rekonèt bezwen serye kominote sa a, e mwen fyè pou m sipòte nenpòt ekspansyon."

Kajistra Vil New York la, Eric Adams, te deklare, "Pou abòde totalman bezwen sante mantal Nouyòkè yo, nou dwe transfòme sistèm sante mantal nou an pou satisfè tout moun kote yo ye. Pa gen yon apwòch inik an tèm sante mantal epi investisman Gouvènè Hochul nan ekip Tretman Kominotè Dinamik lan pral kontinye travay enpòtan an pou jwenn bon sèvis sante mantal ak sipò pou tout Nouyòkè yo."

Prezidan Konsèy Vil New York la, Adrienne Adams, te deklare, "Vil Nouyòk bezwen envestisman enpòtan nan swen sante mantal, espesyalman pou kominote ki te deja defavorize yo. Ekip Tretman Kominotè Dinamik yo pwouve yo efikas nan tretman moun

ki gen pwoblèm sante mantal grav, ede yo jwenn estabilite ak siksè. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou atansyon li bay investisman nan sante mantal nan Vil Nouyòk, epi mwen pa ka tann pou mwen kontinye fè patenarya ak Eta a pou avanse sante ak sekirite piblik pou tout Nouyòkè yo."

Manm Konsèy Vil New York, Linda Lee, te deklare, "Kriz sante mantal nou an vin pi grav an pati paske anpil nan vwazen nou yo ki gen difikilte ak maladi mantal grav pa resevwa tout evantay swen ki ka ede yo retounen sou pye yo epi kontinye ak lavi yo. Ogmantasyon finansman Gouvènè Hochul pou 14 nouvo ekip Tretman Kominotè Dinamik lan pral ede moun nan anpil fason sèvis sante mantal tradisyonèl yo pa kapab. ACT se yon solisyon inovan, ki baze sou prèv, yon solisyon inivèsèl pou pwoblèm anpil Nouyòkè ap fè fas ak yo, epi mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou lidèchip li sou pwoblèm sa a."

Theodore T. Kusnierz, Jr., Sipèvizè Vil Moreau ak Prezidan Konsèy Sipèvizè Konte Saratoga, te deklare, "Sipòte pwogram sante mantal pou moun ki nan bezwen yo enpòtan anpil pou byennèt jeneral yo. Isit la nan Konte Saratoga, nou te fè bay aksè ak bon jan kalite swen sante mantal vin yon priyorite, non sèlman pandan pandemi an, men odela. Nou sipòte angajman Gouvènè Hochul pran pou amelyore sistèm swen sante a nan Eta New York epi nou akeyi kreyasyon yon ekip ACT nan sid Konte Saratoga pou moun ki pi vilnerab yo nan kominote nou an pral kapab gen aksè a swen inik yo bezwen an."

Manadjè Konte Steuben lan, Jack Wheeler, te deklare, "Nou bat bravo pou investisman eta a nan metòd kreyatif ki abòde vid ki genyen nan sèvis sante mantal nan kominote nou yo. Anpil moun fè fas ak baryè pou jwenn aksè nan nivo swen apwopriye yo, sitou sa ki gen rapò ak sante mantal, e Konte Steuben rekonesan paske fon adisyonèl yo pral ranfòse efò kolektif nou yo pou sèvi sitwayen ki nan bezwen yo."

Chèf Egzekitif Konte Suffolk, Steve Bellone, te deklare, "Sante mantal kontinye enpòtan menm jan ak sante fizik, sitou lè nou kontinye fè fas ak estrès sikolojik pandemi COVID-19 la. Finansman sa a pral ede moun ki ap lite ak maladi mantal yo ak moun ki pa reyisi lè yo itilize sistèm sante mantal ak reyabilitasyon tradisyonèl yo."

Prezidan Konte Livingston lan, David L. LeFeber, te deklare, "Finansman tankou sa a enpòtan anpil pou zòn nou an. Aksè ak transpò se yon enkyetid pou anpil moun. Anplis de sa, modèl sa a gen pou objektif pou reponn ak kliyan yo ki pa tradisyonèlman angaje yo nan yon anviwònman swen sante tipik, epi yo bezwen sèvis menm jan ak nenpòt lòt moun. Finansman sa a pral pèmèt sèvis ekite nan tout evantay pwogram sante mantal la."

Rochelle M Stein, Prezidan, Lejislati Konte Genesee a, te deklare, "Lejislati Konte Genesee ak Inite Gouvènman Lokal la espere fè patenarya ak Konte vwazen nou yo pou devlopman Sèvis ACT yo. Sa a se yon bèl opòtinite pou sèvi rezidan nou yo k ap lite ak pwoblèm sante mantal grav pou yo ka pwospere nan kominote nou an. Yon lòt avantaj enpòtan pou founisè Ekip ACT se kolabore nan nivo lokal ak Depatman Sante

Mantal (Mental Health Department) ak Direktè Sèvis Kominotè a pou ede ak angajman manm kominotè ki pi vilnerab yo e ki pi difisil pou jwenn yo."

Larry Dolhof, Prezidan Lejislati Konte Lewis, te deklare, "Sa a se plis gwo nouvèl ki soti kote Gouvènè Hochul ak yon lòt inisyativ ki pral ranfòse sistèm swen sante konpòtmantal nou an. Ekip ACT yo ede moun jwenn tretman yo bezwen nan kominote yo, epi evite vizit nan sal dijans ak sèvis kriz ki koute chè yo. Nou akeyi ak apresye anpil envestisman sa a nan swen sante Konte Lewis la."

Prezidan Konte Jefferson Ian, William Johnson, te deklare, "Ekip ACT travay sere ak moun k ap viv ak maladi mantal epi ede yo resevwa sèvis yo bezwen pou viv poukont yo, san danje epi an sekirite nan pwòp kominote yo. Se yon pwogram ke yo pwouve ki efikas ki pral ede kèk nan moun ki pi vilnerab yo nan Konte Jefferson Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li fè fon sa disponib".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)